

Lèt pou lafanmi

Chè elèv ak fanmi elèv la,

N ap viv nan yon laj nimerik ! Alò, l ap vin de plizanpli nòm al pou yon nonm prezante sou fòm desimal pase sou fòm fraksyon. Pa egzanzp, yon moun ki fè previzyon meteyolojik ka di nou te gen 2,5 pous lapli anplis mwa sa a pase sa ki nòm al la, men ou konnen sa vle di $2\frac{1}{2}$ pous. Toutfwat, li enpòtan toujou pou w konn fè kalkil ak fraksyon paske yo itilize fraksyon nan anpil pwoblèm kote ou gen pou pran mezi nan lavi reyèl, sitou nan kwit manje ak nan domèn konstriksyon. Men de (2) egzanzp :

- Yon resèt pou bonbon ki gen ti moso chokola ladan mande pou sèvi ak $\frac{3}{4}$ tas sik wouj. Ou vle double resèt la. Ki kantite sik wouj ou dwe itilize ?
- Sipoze ou gen yon planch bwa ki mezire $36\frac{1}{2}$ pous nan longè epi w koupe yon moso ki mezire $6\frac{3}{8}$ pous nan longè. Ki kantite ki rete w ?

Nan pwochen semenn yo, ou pral aprann fè adisyon, soustraksyon, multiplikasyon epi divizyon ak fraksyon epi kijan pou fè multiplikasyon epi divizyon ak desimal. Li ka difisil pou travay ak fraksyon epi desimal, epi gen anpil fason pou fè erè. Se sa ki fè li enpòtan anpil pou deside si repons ou yo parèt rezonab.

Vokabilè Gen yon sèl nouvo tèm nan chapit sa a - *resipwòk*. W ap itilize resipwòk lè w fè divizyon fraksyon.

Kisa w ka fè lakay ?

Ou ka ede elèv ou an reflechi sou fraksyon oubyen ou ka ede elèv la travay ak fraksyon epi ak desimal chak fwa chans lan prezante jou apre jou.

- Nan episri a, jwenn pri inite (pri 1 ons, 1 lit, oubyen 1 moso) mak diferan oubyen anbalaj diferan pou menm atik la, epi deside kilès ki pi bon zafè a.
- Kalkile kantite egzak la lè pou w ka double yon resèt oubyen pou w ka redwi yon resèt a mwatye.
- Travay ak mezi, nòm al oubyen metrik, lè w ap pran mezi, lè w ap koud oubyen lè w ap fè travay chapant.